Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 13 (9973) 29 март 2024 с. / Рузман 19 рамазан 1445 с./ redakciya-chapar@mail.ru

*Ниж-терроризмалде данде*

## Мурад-жамгIияб хIинкъигьечIолъи букIинаби

Дагъал цերегIан къояз Москваялъул областалъул Красногорскалда бугеб **«*Крокус Сити Холл*»** концерталъул залалда гьабураб терракталъул хIакъикъат рагIинчIев чи тIолабго дунялалда хутIун ватиларо, вахIшилъиялъулги нахъегIанлъиялъулги рахъалъ, гьелда бащалъараб чIвай-хъвейги гIемераб букIун батиларо. ХIухьбахъиялде рачIарал лъималги, руччабиги, бихьиналги, гIалхулал, рахIму жидеда лъаларел жанаварал кинниги, гъуризе ккани, щаллъун рукIине кколел?

Гьеб терракталъ щиб нилъеда бихьизабулебги бичIчIинабулебги бугеб?

Гьелда тIад гIемер ургъизе кколаро. Гьелъ бихьизабулеб буго Америкаялъе ва гьелъул рахъ кколел пачалихъазе нухмалъулез кумекги гьабун, Украиналъул хасал хъулухъаз, халкъалдагьоркьосел террористалгун гьудуллъиги ккун, Россиялъул ракьалда вахIшиял терракталл тIоритIизе байбихьун букIин, ва гьезул бидулал гъурщахъ бокьараб гьабизе хIадурал гIадамал ратулел рукIин. Гьедин букIиналъ нилъ тIолалго сунде ахIулел? Гьелъ нилъ ахIула, даимаб цIодорлъиялда рукIине, гIолеб гIел террористазул квачIикье ккезе риччангутIиялде, ва гьедин букIинабиялъе щибаб къойилаб профилактикаялъулаб хIалтIи гьабиялде. Нилъ цолъичIони, цоцазухъ гIенеккулелги гьечIони, терроризмалде данде къеркьезеги террористал къезаризеги киданиги кIвезеги гьечIо.

Цебего заман щун буго тIадехун рехсараб бичIчIине. Нилъер щивасда лъазе ккола цIодорлъиялдаги, халкквеялдаги, лъугьа-бахъунеб бихьулеллъунги гьечIони, терракттаздаса нилъго цIунизе цIакъ захIмалъулеблъи.

Гьеб терракталда хурхун, гьединал терракттаздаса цIуни ва гьел риччангутIи мурадалда, Россиялъул киналниги регионазда, гьеб рахъ жидеде кколел гIуцIабаздагун районазда тIоритIана батIи-батIиял тадбирал. ТIадехун рехсаралда хурхун, нилъер районалда 23 марталда, районалъул бетIер ХI. Мусаевасул нухмалъиялда, тIобитIараб терроризмалъул хIинкъигьечIолъи букIинабиялъе жеги ругел хIинкъаби тIагIинариялъе гIуцIараб координационнияб Советалъул данделъиялда гIахьаллъана депутатазул Собраниялъул председатель Гь. Гьирисханов, бетIерасул заместителал: И. Шабазов ва Б. Нуцалов, ОМВДялъул начальник Юнус Хайрулаев, ГО ЧСалъул отделалъул начальник Ибрагьим Мухламадов ва имамзабазул Советалъул вакил Гlабдугъафур Шираев.

Гьаб макъалаялъул байбихьиялда рехсараб терракталда хурхун, республикаялъул нухмалъиялъ бахъараб



буюрухъалъул данделъаразул лъайхъвайги гьабун, ХI. Мусаевас абуна: *«Нилъехъе бачIараб баяналда рекъон, хIинкъи буго Россиялъул бокьараб регионалда гьединал терракттал такрарлъизе бегьулеб букIиналда. Нилъеда тIадаб буго гIемерал гIадамаз гIахьаллъи гьабулел данделъабазда хIинкъигьечIолъи чIезабизе.*

*Дица нужеда лъазабулеб буго, гьабураблъун букIин мурадалда, кинаб букIаниги иш гьабугеян, гьелъул щибниги ккезеги гьечIо, щай абуни, щибаб ишалъулъ кинаб гали тIамизе тIадаб бугебали бихьизабун букIун. Цоги, лъан букIа, хасаб хIукму гьабизегIан, гIемерал гIадамал гIахьаллъарал тадбирал гьукъун рукIин.*

*Рехсаралда цадахъго, хал гьабизе буго районалде батIиял бакIаздаса рачIарал гIадамазул, гьез яшавалъе ккурал бакIазул. Гьединго, гучлъизабизе буго бичIчIенкьеялъул хIалтIуги, гьелда хурхарал вагIзаби мажгитаздаги тIоритIизе руго, щай абуни, гьелги ккола терракттал гьариялъе рес кьолел бакIазул цояллъун»,*-ан.

Ю. Хайрулаевас гьениб бицана ОМВДялъул хIалтIухъаби хъулухъалъул цIикIкIинабураб режималда хIалтIулел рукIиналъул, хал гьабиялъул тадбирал тIоритIи гIадамазда ричIчIине ккеялъул, щаклъи ккарал предметазул, ишазул хIакъалъулъ полициялда лъазабизе тIадаб букIиналъул. Терракттаздаса цIуниялъе тIоритIулел ишазул хIакъалъулъ биценал гьенир гьаруна Б. Нуцаловас, И. МухIамадовас ва Гl. Шираевас.

Данделъи ахиралде щвана районалъул бетIерас киналго цIодорлъиялде ахIиялдалъунги тIолалго къуваталгун сурсатал терракттаздаса цIуниялъе хIадур рукIине ккей лъазабиялдалъунги.

## Аппаратальул данделъиялда...

26 марталда районалъул администрациялда тIобитIана аппаратальул ирградулаб данделъи. Районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаевасул нухмалъиялда тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана гьесул заместителал, управлениябазе нухмалъулел, отделазул начальникал, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хIалтIухъаби ва росабазул бутIрул.



Гьелъул хал гьабиялде росарал суалазул аслияллъун рукIана районалъул росдал магIишатазул хIалтIухъабазул 2023 соналъ ккарал хIасилазул хIисабкьеялда, 2018-2023 соназ, «Шагьаралъул санагIалъаби» программаялда рекъон, жамгIиял бакIал къачIаялда, гьел цIунун ругел къагIидабазда ва гьез кьолеб пайдаялда, налогалгун гьел гурел хайирал районалъул бюджеталде рачIинариялда хурхарал суалал.

ТIоцебесеб суалалда тIасан кIалъай гьениб гьабуна УСХялъул начальникасул заместитель Хункарби МухIамадхIабибовас. Гьес, гIатIид гьабун ва цифрабаздалъун, гьениб бицана районалъул магIишатаз араб соналъул план 100% тIубазабиялъул, гьез бакIарараб тIоцалил, гIезабураб гIи-боцIул, гьезие хIадурараб рагIи-хералъул, кормабазул, дандчIваралъ захIмалъабазул, ккарал церетIеязул ва цере чIарал масъалабазул. Гьелда тIаде, Хункарбица бицана районалъул щибаб магIишатияб бутIаялда ккарал хIасилазулги.

Гьединго, гьес гьенир рехсана тIоцалил бачIин нахъе ккеялъе рукIарал гIиллаби, тIоцелгун боцIи гIезабулезда цере чIун рукIарал ва чIарал квекIенал, ракь хIалтIизабизеги тIоцел бакIаризеги техника гIолареб букIин, гьелъухъ балагьичIого, заманалда гьарулел хIалтIаби бетIералде рахьинари.

Гьесул кIалъаялда хурхун, ХI. Мусаевас абуна: *«ДандчIварал захIмалъабазухъ балагьичIого, араб соналъ росдал магIишаталъул хIалтIабазул хIасилал квешал рукIинчIо, гьезие гьезухъ баркалаги буго. Дида, хIалтIул ветераналги гIахьал гьарун, росдал магIишаталда хурхараб гIатIидаб данделъи тIобитIилаблъун бихьула.*

*Гьединго, нилъ хIалтIизе ккола гIолеб гIел ракьгун гьабулеб хIалтIиялде цIаялда тIад. Гьедин гьабиялъе лъикIаб букIина школазе ракьул участкаби кьуни. Гьедин гьабиялъ рес кьезе буго захIматалъул дарсазда цIалдохъаби ракьгун хIалтIиялде ругьун гьаризе», -*ян.

КIиабилеб суалалда тIасан кIалъазе вахъарав архитектураялъулгун бакIал раялъул, ЖККХялъул отделалъул начальник ХI. ХIадаевас гьениб бицана хIухьбахъиялъе районалъул бакI-бакIазда хIадурарал жамгIиял бакIазда бугеб ахIвал-хIалалъул, гьел хIадуриялдагун къачIаялда тIад гьабураб хIалтIул. КIалъаялъул ахиралда гьес абуна: *«Дир предложение буго тIадехун рехсарал бакIал цого гьел цIунулел ва гьезда хадуб хал ккolел бакIазда разе»*, -ян.

Гьесул кIалъаялда хурхун, районалъул бетIерас абуна: *«Гlадамазе санагIалъаби чIезариялъе бакIал рарал гIоларо, гьел кколеб къагIидаялда хIалтIизариялдаги цIуниялдаги хадуб хал кквезеги ккола. Росабазул бутIрузда гьелда тIад хIалтIизе тIадабги буго», -*ян.

Лъабабилеб суалалда тIасан кIалъай гьениб гьабуна экономикаялъулгун социалияб рахъал цебетIезабиялъул отделалъул начальник Юсуп Агиевас.

Гьес, къокъ гьабун, гьениб бицана гьаб соналъул кIиго моцIалда жаниб налогалгун гьел гурел хайирал районалъул бюджеталде рачIинариялъуль бугеб ахIвал-хIалалъул.

Гьесул кIалъаялда тIасан ХI. Мусаевас абуна: «*Налогазул суал тIоцебесеб кварталалъул ахиралде тIубазабизе ккола, щайгурелъул, бакIазда хIалтIаби гьари, гьел церетIезари налогал ракIариялда рараллъун ругельул. Налогал рачIинариялда тIад росабазул бутIрул хIалтIизеги ккола», -*ян.

Данделъиялъул хал гьабиялде росарал суалал рича-чвана ва рекъон кколел хIукмаби гьаруна.

*Гьумер хIадур гьабуна МухIамад-Шарип ГIабдулашимовас*

Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула

гьум. 2 Активисталгун дандчIваялда...
гьум. 3 ГIумрудул халатаб нухда...
гьум. 4 Извещение

# АктивисталгIун дандчIваялда...

26 марталда районалъул бетIер ХI. ХI. Мусаев нилъер районалъул СВОялда гIахьаллъулезул цолъиялъул жигарчагIигун дандчIвана, ва гьениб районалъул даражаялда гьабулеб цадахъаб хIалтIул суалал рекъонккезариялда сверухъ бицен ккана.

кIоларелги.

*Нижеда ракIалда буго цадахъаб хIалтIи гьабиялда тIад хIалтIизе. Нуж хIалтIизе ккола рагъулгун захIматалъул ветераназул Советгун щулияб бухьен ккун ва республикаялъул жамгIиял хIаракатчагIигун «гьаракь» данде ккезабун.*



Гьеб дандчIваялда гIахьаллъана депутатазул Собраниялъул председатель Гь. Гьирисханов, бетIерасул кумекчи ГIабдумутIали ДжабрагIилов ва рагъулгун захIматалъул ветераназул Советалъул председатель Хункарби МухIамадхIабибов.

ХIажимурадица гьениб бицана тIадехун рехсараб цолъи республикаялъул бетIерасул хIаракаталдалъун гIуцIун букIиналъул. Районалда СВОялъул гIахьалчагIигун гьабулеб хIалтIи рекъезабиялъе Ленинаул росулъа Юсуп Салибиев вихьизавун вукIиналъул хIакъалъулъ.

Гьес абуна: *«Рагъулгун захIматалъул ветераназул Советалъул нухмалъиялда, Юсуп хIалтIизе ккола СВОялда гIахьаллъаразул сияхI цIубараблъун гьабиялдаги, гьезул картотека гIуцIиялдаги, хитIабалгун хIалтIиялдаги, шапакъатазе мустахIикълъарал рихьизариялдаги тIад. Узухъда, гIемерал суалал рукIуна бакIазда бетIералде рахъинаризе кIолел, амма гьел раккула, республикаялъул даражаялда гурони, хIасилал раккизаризе нужее кумек гьабизе буго районалъул администрациялъул ведомствоялде кколел гIуцIабазул специалистазги. Божи лъола нужеца районалда тIоритIулел тадбиразда жигараб гIахьаллъи гьабизе букIиналда. Нижеца хIаракат бахъизе буго нужее гIуцIиялъулаб кумек гьабизе ва ихтиярал цIуниялъул рахъ ккезе.*

*Гьедин гьабиялъ нилъее рес кьезе буго СВОялъул гIахьалчагIазул хIакъалъулъ цIубараб информация букIинабизеги гьезул раккулел суалал бетIералде рахъинаризеги»*, -ян.

ДандчIваялъул ахиралда ХI. Мусаевас жинцаго цебехун абуралде тIаде жубана: *«Цебе чIараб хIалтIулъ нилъеда хъинтIуларел суалал гьечIо, гьеб бичIчIинеги ккола. Кинаб суалгун нилъехъе рачIаниги, щиб хитIаб нилъеде гьабуниги, нилъеда тIадаб буго хIажалъи ккаразе бажарараб кумек гьабизе. Гьеб ккола, гьелда тIад абизе рагIиги гьечIо, жавабчилъи ва пайда цIикIкIараб хIалтIулъун»*, -ан.

***Ибрагьим Идрисов***

# ЛъикIазда гьоркьоб рехсана

Нилъеда лъала 15-17 марталда Россиялъул Президент вищиялде тIоритIарал тадбиразул хIакъикъат ва гьев вищиялъулъ ккарал хIасилал. Абизе ккола, лъималазул ахаздаса байбихьун, гьел тIоритIиялда хурхарал тадбирал тIоритIанин ва гьез гIолеб гIелалъе рищиял тIоритIиялъул бичIчIенги кьунин.

бирателазул ихтияралгун, комиссиял гIуцIиялгун, гьаракь кьеялъул къагIидабигун, кабинкабигун, бюллетеналгун лъай-хъвай гьабизе. Лъималаз, кIудияб гьираялда, гьеб расандиялъулъ гIахьаллъи гьабуна, гьезие чIахIиязул гIумруялъул бутIаялъулъ гIахьаллъи гьабизе ресги щвана.




Рищиял тIоритIиялда хурхун, РДялъул захIматалъул министерствоялъул бихьизабиялда рекъон, нилъер районалъул реабилитационнияб Централда, расанди хIисабалда, сакъатазда гьоркьоб рищиял тIоритIиялда хурхараб тадбир тIобитIана.

Гьениб лъималазе рес щвана из-

Узухъда, гьединалго тарбирал тIоритIана республикаялъул сакъатазул цогидал центраздаги. Рищиязда хурхарал ва гьенир тIоритIарал расандабазул хал гьабун хадуб, тIадехун рехсараб министерствоялъ нилъер реабилитационнияб Центр бищун лъикIаб лъабго централда гьоркьоб рехсана.

***Фатима Султанмурадова, реабилитационнияб Централъе нухмалъулей***

*Депутатасул ишал*

# Кидаго кумекалъе хIадурав

«Чапар» газеталда гIемер рукIуна гIуцIабазе нухмалъулез, гIадатиял гIадамаз, жидее ишалъулаб кумек гьабуралъухъ РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутат Мухтарпаша ГIумахановасе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабиялъул хIакъалъулъ рахъарал макъалаби.

Гьеб битIарабги буго, щай абуни, депутатлъун вищаралдаса байбихьун, гьес кумекалъулаб квер чIвачIеб бакI хутIун букIиналда щаклъи букIун.

Унгоги, депутатлъун вищаралдаса байбихьун, районалъе, гьелъул гIадамазе гьес гьабураб кумекалъул хIакъалъулъ хъвазе ккани, тIубараб газета гIоларо.

Гьаб макъалаялда дие бокьун буго депутат М. ГIумахановасул хIакъалъулъ бицен гьабизе.

Лъиениги балъголъи гуро, росдае, районалъе ва цогидал бакIазе нухмалъи гьаби бигьаяб ишлъун кколареблъи, щай абуни, гьезул хIалтIи цого жидеда бараблъун кколарелъул. *«Лъель гьанкъулес сумги ккола»*,-ян абухъего, рехсаразулги гьел гурезулги хьул букIуна кисадай хIажатаб кумек щвелаян.

Гьел хъвадарула рахъ-рахъазде, жалго гьенире щола, къокъ гьабун абуни, чIей гьечIого, цебе лъураб масъала бетIералде бахъинабиялда тIад хIалтIула. ГIемерал гIадамаз бицуна захIматаб суал дандчIвараб заманалда, жидеца, Мухтарпашагун бухьенги гьабун, гьевгун ургъел бикьанин, ва гьес нахъбахъичIого, квербакъулеб букIанин цебе баккараб суал бетIералде бахъинабизе. Цо жиндаго тIубазабизе кIолареб суал бугони, Мухтарпашаца гьеб борхула депутатазул сессиябазда, совещаниябазда, цогидалги дандеялъабазда ва, ахиралде щвезегIан, гьеб тIубаялда тIад хIалтIула.

Гьедин гьабиялъул хIасилалда гьесда бажарана районалда, гьелъул бакIазда церечIарал масъала тIуразариялъе квербакъизе.

Гьес гьабурабщинаб рехсей гуреб дир мурадлъун кколеб, дие бокьун буго Хубар росдае , гьелъул гIадамазе Мухтарпашаца гьарурал пайдаял ишал гьанир рехсезе.

ПезегIанаб заман ун букIана нижер росулъ букIараб почтаялъул бухьеналъул отделение къаралдаса. Кире аниги ва хъвадараниги, батIи-батIиял гIиллабиги ратун, гьеб рагьулеб букIинчIо. Мухтарпашал кумекалдалъун, гьеб рагьана ва гьениб хIажатаб ремонт гьабуна.

Гьес гIолилазе спортплощадка чIезабиялъе, росулъ къуват цIикIкIараб трансформатор лъеялъе, Хубар-Иххa росабазда гьоркьор токил мухъал цIарал ва пайда босиялдаса арал хIубал хисиялъе кумек гьабуна.

Росдал нухал къачIазе гьес грейдер битIун бачIана, бульдозералъе ремонт гьабизе живго бетIергьанаб 70 азарго гъурущ кьуна. Гъутаналъул ракь заз-хъарахъалдаса эркен гьабизеги гьенир нухал гьаризеги цоги бульдозерги нижее Мухтарпашаца чIезабуна.

Гьелде тIадеги, гьоркьобкъотIи гьечIеб кумек гьес СВОялъул гIахьалчагIазул, гьенир гIумруялдаса ратIалъаразул хъизабазеги гьабулеб буго. РакIчIун абизе кIола, Аллагьасул нух ккураб хъизаналда гIурав Мухтарпашал гурхIел-рахIмуялъулаб, ишалъулаб кумекалъул квер щвечIеб бакI районалда хутIичIин.

Бокьун буго, «Чапар» газета гьоркьобккун, гьев унго-унгояв магIарулассе ва депутатассе дирго ва росдал жамгIаталъул рахьалдасан, ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабизеги гьавурав къо гьесда баркизеги. ГIаризе гьесие щулияб сахлъи, халатаб гIумру, хъизаналъулаб талихI ва гьарулел киналниги ишазулъ даимаб битIккей.

***Камильпаша ХIайбулаев, Хубар росдал бетIер***

# ТарбиячагIазул къецалда

Лъималазул ахазул гьитIичазда дунял бичIчIизе, лъазе, пикру гьабизе ва гьел церетIураллъун лъугьине кумек гьабулел чагIи тарбиячагIи ккола. Гьезул

«Бакъ» лъималазул ахалъул тарбиячIужу Барият ГIалибекова, кIиабилеб бакIалъе Дилималда бугеб «Къункъра» ахалъул тарбиячIужу Зугьра МухIамаева мус-



хIаракаталдалъун лъала лъималазда квешабги лъикIабги, битIарабги тIекъабги батIа гьабизе, тIабигIаталъул берцинлъи бихьизе.

Гьел гьитIичазул тIоцересел педагогазул бажари борцин, гьезул творчествияб гьунар загьир гьаби, цебетIураб хIалбихьи цоцахъе кьей ва жидер махщалиде гьезул рокьи цIикIкIинаби мурадалда жиб-жиб соналъ районалда «ЛъагIалил тарбиячIужу» къец тIобитIула. Гьаб нухалда гьениб лъималазул ахазул 10 педагогалъ гIахьаллъи гьабуна. Лъималазде бугеб жидер рокьиялдаса байбихьун, гьелгун хIалтIизе бугеб махщалиде гIунтIун, гьез къецалъул щибаб бутIаялда бажари бихьизабуна.

Гьеб киналъулго хIасилалда, тIоцебесеб бакIалде ячIана Дубки посёлокалъул тахIикълъана, ва лъабабилеб бакI Гуни росулъа «Гьими» ахалъул тарбиячIужу Забидат ГIалижановалъ босана.

Киналго гIахьаллъаразе баркалаялъул ва бергьенлъи босаразе баркиялъул рагIабигун гьенив кIалъана Лъайкьеялъул управлениялъул начальник МухIамадрасул МухIамаев. Гьединго гьес, жинца нухмалъи гьабулеб управлениялъул ва педагогазул профсоюзалъул рахьалдасан, призалъул бакIалде рачIарал тарбиячагIазе грамотаби ва гIарцулал шапакъатал кьуна.

ТIоцебесеб бакIалде ячIарай Б.С. ГIалибекова гIахьаллъизе йиго республикаялъул даражаялда тIобитIизе бугеб гьединабго къецалда.

***Динара Батиева***

*Инсан ва гIумру*

# ГIумрудул халатаб нухда…

Дунялалъул халкъалда гьоркьоб цониги миллат батизе гьечIо гIолеб гIелалъ чIахIияб гIелалъул адаб-хатир гьабулареб, гьелдехунисеб бербалагьиялъцин рекIее асар гьабулареб. Гьеб рахъалъ хаслъи бугеблъун, тIокIлъи бихьизабулеблъун Кавказалъул халкъ, ай, гьелъулъ ругел миллатал кколин абуни, мекъи ккеларо. ГIасрабазул гъаталъанго, цоцаз цоцахъе кьун, нилъехъеги щвана чIахIиял гIадамал кIодо гьари, гьезие кумек ва гьезул хIурмат гьаби.

Нилъер лъида умумуз малъичIеб кIудияв чи тIаде вачIараб заманалда тIаде рахъине кколеблъиги гьесие гIодовчIезе бищун лъикIаб бакI бихьизабизе тIадаб букIинги? ЧIахIияз цIехаралъе жаваб гьабуни гурони, лъил ихтияр букIараб гара-чIвари гьабихьизеги гьез бицунеlде гьоркьоре лъугьинеги? ГьитIинаб къоялдаса байбихьун, умумуз лъималазул рекIелъ лъолаан чIахIиязде кинаб бербалагьи букIине кколебали.

Харабаз малъараб, гьез гьараpаб тIубачIони, гьелъ тIубараб тухумалдаго *«чIегIераб тIанкI»* лъезецин бегьулаан. Гьелда сверухъ гIемераб бицине бегьула, цого ракI бухIула, цогидабщиналда цадахъго, ахирияб заманалда чIахIияздехунисеб бербалагьи чучлъулеб букIиналда.

ГIакълу камилазда кIочене бегьуларо жакъа жидеца хабазде гьабураб бербалагьи метерисеб къоялъ жидедехун букIине бугеблъи.

Гьелъул бичIчIен бугебгIан заманалда нилъер щивасухъ букIине буго гIададанлъиялъул цо бутIаргIаги. ТIадехун рехсараб кинабго кIочараб къо я нилъеде, я нилъер наслабазде бачIунгеги.

Гьаб макъалаялда дие бицен гьабизе бокьун буго нилъер районалъул харабазул цоявлъун кколев, дагьал церегIан къояз жиндие 90 сон тIубарав, районалъеги гьелъул гIадамазеги гIезегIан пайда гьабурав, Калининаул росулъа СагIид Расуловасул хIакъалъулъ.

СагIид гьавуна 1934 соналъ Алмахъ росулъ. Тарихалдаса нилъеда лъала дол сонал киналлъун рукIаралали. Советияб власть жеги щулалъичIеб, сверухъ жиндир тушбаби гурони гьечIеб, «гIолохъанаб» пачалихъ гIуцIулезе, узухъда, яшав гьабизе бигьа букIинчIо.

Гьанжего-гьанже дагьалъ бигьалъулеб бугин гIадамазда ккараб заманалда КIудияб ВатIанияб рагъ байбихьана. Гьелъ кьучIдасанго хисизабуна улкаялъулго гIадамазул рукIа-рахьин, гьай-гьай, гьеб СагIидил росуцояздагун хъизаналдаги хъинтIана.

Эмен Расул рагъдеги ун (1942 с.), рукъалъул магIишаталъул ургъел СагIидил эбел ГIайшатил кIигъуждузда бегана. Гьезул хъизаналда букIана цоцаздаса гIисинаб ункъо лъимер (2 васги 2 ясги). Микьго сон гурони тIубачIев СагIидицаги, цогидазго гIадин, магIишаталъул рукъ горбода лъезе ккана. Гьелдаса байбихьун, лъунин абизе бегьула СагIидица захIматалъул нухде гали.

Нилъер умумузул аби буго балагь цо жибго бачIунарин. СагIидил кIияйго яц гьитIинго гIумруялдаса ратIалъана. Нужецаго цебе чIезабе, кинаб ракI букIине кколеб эбелалъул гьелгощинал къварилъаби хIехьезе?

ГIайшатица кинабго хIехьана ва васазул тIалаб-агьазалда гIумру биччана. СагIидида гIумруялъул кинал захIмалъаби дандчIваралали бицуна гьадинаб хIужаялъги, 8-абилеб классалда цIалулев вукIарав гьев армиялде ахIана. ГIумруялде, лъай босиялде гьира-шавкъ букIарав СагIид командирзабазда вихьичIого хутIичIо. Гьез гьев цIализе витIана ва гьесие самолётазул техник-механикасул махщел щвана.

Ункъо соналъ рагъулаб хъулухъ тIубарав СагIидида, гьесул бажари, махщел букIинги бихьун, командованиялъ рагъулаб хъулухъалдаго чIайилан гьарана, амма ракIалъ гьев гIагараб ракьалде, гьелъул гIадамазе хъулухъ гьабиялде цIана.

1956 соналъ тIадвуссарав СагIид хIалтIизе лъугьана росдал *«Бергьенлъи»* колхозалде. Гьенив гьев цин звеньевойлъун, цинги хурул бригадирлъун хIалтIана. Гьоркьоб заман иналде С. Расулов киномеханикасул махщалие цIализе ана, ва гьениса тIадвуссун хадув, киномеханиклъун хIалтIана. Лъай гIатIидгьаби мурадалда, гьев машинабазулгун нухазул техникумалде лъугьана.

1970 соналъ СагIид районалъул росдал магIишаталъул управлениялде бакIал раялъул бетIерав инженерлъун хIалтIизе лъугьана. Районалъе бихьичIого хутIичIо гIадамалгун хIалтIизе, гIуцIарухъанлъиялъе гьесул махщел букIин, ва гьев гьез гIагараб росдал колхозалде парткомалъул секретарълъун хIалтIизе витIана. Гьеб хIалтIуда гьес живго вихьизавуна улкаялда лъугьунеб, партиялъ цере лъурал масъалаби ричIчIуневлъун вукIинги гIисиналгун ва чIахIиялгун бицунеб жинда рекъезабун бажарулеб букIинги.

ГIумрудул гIемерисел рахъал лъалев, гьелъул рикьалабазул сухъмахъазда гьоркьоса битIараб нухде ккезабулел хехо ратизе бажарулев СагIид росдал Советалъул председательлъун тIамуна.

Гьеб хъулухъ тун сонал гьоркьор аниги, гьев цIидасан гьебго хъулухъалде тIамуна. Гьелда хадув гьев цо чанго соналъ *«Дилималъул ХДСУ»* ОООялъул нухлул участокалда кIудияв мастерлъунги хIалтIана. СагIидил гIахьаллъиялда гьабуна Алмахъалде цIияб нухги *«Ахъташ»* лъаралда тIасан лъураб кьоги. ХIалхьиялде инегIан гьев гьеб хIалтIудаги вукIана.

Росдал гIадамазда С. Расулов лъай бугев, гьезухъе лъугьунеб бичIчIунев, гьелъие битIараб къимат кьун бажарулев, сабураб, гIодобе биччараб калам гьабулев чилъун лъала. Гьерал щола гьесухъе гIакълу дандбазе, гьесулгун ургъел бикьизе, гьес гьел киданиги нахъги чIвачIо.



СагIидица рес бугебгIан заманалъ, жигараб гIахьаллъи гьабулаан жамгIияб хIалтIулъги, ракIчIун абизе бегьула гьев гьоркьоса камурал ишал жамагIаталъул рукIунароанин. Гьес жигараб гIахьаллъи гьабулаан районалъул жамгIияталъул гIумруялълъуги. Гьеб тасдикъ гьабула гьес районалъул харабазул Советалъе цо чанго соналъ председательлъи гьабиялъги.

СагIидие цIакъ бокьулаан умумузул тарих лъазабизеги. Гьесул, гьелда хурхун, гIезегIанал хъвай-хъваял руго. Гьезул цо-цо бутIаби рахъана республикаялъул, районалъул газетаздаги *«Салатавия-Алмахъ»* журналалдаги. Беразул канлъи дагьлъун букIиналъ, хъвай-хъваял гьари СагIидица тезе ккана, амма жиндирго нахъе ругезе бицунги, гьезда хъвазабунги, гьес жиндиего бокьулеб иш рехон тун гьечIо. КъватIиве вахъунарев вугониги, гьес цIехола дунялалдаги, улкаялдаги, цогидал бакIаздаги бугеб ахIвал-хIал. 90 сон гIумрудул нахъа таниги, гьев роцIараб гIакълуялдаги вуго.

Гьесул лъади Сабиятицаги (ж.м.ч.) тIолабго гIумру росдал лъималазе лъайгун тарбия кьеялда бухьинабун букIана. ХIалимабгун хIеренаб калам букIарай гьей цIалдохъабазеги гьезул умумузеги цIакъ йокьулаан. Унго-унгояв магIарулалъул хьвада-чIвади букIарай Сабиятил росдал жамагIаталда гьоркьоб кIудияб къиматги букIана.

СагIидицаги Сабиятицаги 6 лъимер (4 васги 2 ясги) гIезабуна ва гьел гIумрудул нухда тIоритIана. Гьезул цояв вас (ж.м.ч.) гIумруялдаса ватIалъана, цогидал жиде-жидер магIишатаздаги руго.

Халатаб заманалъ ракIбацIцIад, бажаризабун ва махщалида гьабураб хIалтIухъ щал шапакъатал дуе щваралилан цIехедал СагIидица абуна:

*«БитIараб бицани, шапакъатал щвей мурадалда, дица хIалтIи гьабичIо. Бищун кIудияб шапакъатлъун дие букIана ракI-ракIалъ кьолеб баркала. Аллагьасда цебе гьелдаса кIудияб шапакъат кинаб букIунеб? Нилъеца гьабураб хъулухъалъухъ гIадамазул гьурмада бихьулеб разилъиялъул кунчIи кинаб шапакъаталъ хисулеб?*

*Гьай-гьай, школалда цIалулеб, рагъулаб хъулухъ, тIадкъарал ишал тIуралеб заманалда дие гIемерал ХIурматалъул грамотаби, Баркалаялъул кагътал ва гIарцулал шапакъатал щвана. Гьезда гьоркьор ЦК КПССалъул, нилъер обкомалъул, районалъул, хIалтIулел бакIазул грамотабигун Баркалаялъул кагъталги рукIана. Гьезул тIубараб чемодан цIун букIанин абуни, мекъиги ккеларо», -ян.*

Заманалъ жиндирго бо-сичIого толаро, гьанже СагIид къватIиве вахъунаро, амма гьев роцIараб гIакълуялда вуго.

Бокьун буго, *«Чапар»* газета гьоркьобккун, СагIидида баркизе 90 сонилаб юбилей, гьаризе гьев унго-унгояв магIаруласе щулияб сахлъи, жеги халатаб гIумру ва рохалилал къоял.

Аллагьас гьесиеги нилъеега лъикIаб хъван батаги.

**Шиявдин Яндаев, Дилим росу**

*2024 сон-хъизаналъул Сон!*

# Щулияб хъизан-улкаялъул кьучI

Биценаздаса, тарихалдаса нилъеда лъала кинаб кIвар нилъер умумуз цIияб хъизан гIуцIиялде, гьеб щулияблъун ва даимаблъун букIиналде кьолеб букIарабали. Гьай-гьай, гьеб кколаро гьаб заманалда кIвар кьолеб гьечIин абураблъун, кин батаниги, нилъее балъголъилъун кколаро, гьанже гьелдехунисеб бербалагьи, цогидал рахъаздего гIадин, чучлъун букIин.

Дир пикруялда, дун мекъав ватизеги бегьула, хъизаби риххиялълъ дандчIвалел гIиллабазул аслияблъун яшав гьабизе бигьа букIин ккола. Дир мурадлъун кколаро рехсарал гIиллаби лъазариги гьел цIалдолезе рагьиги. Дие бокьун буго, гьаб сон хъизаналъул Сонлъун лъазабун букIиналдеги балагьун, хъизан гIуцIаралдаса 50 соналдасаги цIикIкIарал сонал цадахъаб яшавалда арал Буртунаялдаса Исхlакъ Расуловасулги Рисалат Мусаевалъулги хIакъалъулъ цIалдолезе цодагьабго баян кьезе.

Дагьал церегIан къояз ЕИЦялъул хIалтIухъаби рехсараб хъизаналъухъе щвана. Гьоркьехун, кьокъгьабун, дица кьолеб буго гьезулгун ккараб гара-чIвари.



Гьай-гьай, аслияб къагIидаялда, гьедин нилъеда гьоркьоб билълъанхъунги буго, гара-чIвари гьабулев чи рукъалъул бетIер Исхlакъ вукIана, ва гьес бицана: *«Дун гьавуна 1949 соналъ колхозникасул хъизаналда. Дол соназ гьаруразда лъала умумузе лъимал хьихьизеги гIезаризеги кигIаналъ захIмат букIарабали. КIудияб ВатIанияб рагъ лъугIаралдаса ункъо сон гурони инчIеб, ракьги ратIликълъиги тIадчIвараб заманалда , гьай-гьай, киназего захIмат букIана. Абизе бегьула нижеда лъимерлъи бихьичIин ва нижеца захIматалъул нухде цудунго гали тIамунин. ЗахIмалъабахъ балагьичIого, 8 класс лъугIараб заманалда дун эбел - инсуца Хасавюрталъул педучилищеялде цIализе витIана, гьенисанго Буйнахъскиялъул педучилищеялде ана, ва гьениб дица физкультураялъул отделение лъугIизабуна.*

*1970 соналъ, гьебги лъугIизабун, дун гIагараб росулъе тIадвуссана ва школалда физкультураялъул дарсал кьезе лъугьана. Цо лъагIалидасан дие бокьана Советияб Армиялъул мухъилъе лъугьине. ЧIахIияб гIелалда гуребги лъала армия бихьинчилъиялъул школалъун кколеблъи, доб заманалда гьеб рахъалде цIакъ цIикIкIараб кIварги кьолеб букIана.*

*Дун физкультураялъул мугIалимлъун хIалтIулев вукIарабльиги лъан, дида божилъи гьабуна ротаялъул спортроказул хIалтIи бачине. Гьелъ рес кьуна армиялда бахъараб кIиго сон хIалтIул стажалъулъе рикIкIинеги. Армиялдаса тIадвуссун хадуб, дицаги Рисалатицаги хъизан гIуцIана. Гьелдаса хадуб, цо чанго соналдасан, гьей школалде техничкалъун хIалтIизе лъугьана. КIиялго гIуцIиялда хIалтIулел рукIиналъул, узухъда, лъикIалги квешалги рахъал рукIуна. ХIукуматалъул хIалтIиялда ругел рос-лъадиялда лъала рукъалъул магIишатги хъулухъги нухда бачине кигIан захIмат букIунебали. Нижеца, цоцазде тIамун течIого, цадахъ рекъон, магIишат цебехун бачана, ва гьеб рахъалъ Рисалатиде абизе дир рагIиги гьечIо. 50 соналдасаги цIикIкIараб заманалъ ниж цадахъ руго»,* -ян.

Цадахъаб яшав гьабиялъул балъголъаби рицеян дица абидал рос-лъадиялъ бицана: *«Гьай-гьай, хъизаналда гьоркьор киналго рахъал роцIараллъун рукIунаро. Рос-лъадиялда гьоркьоб дагIда- къец, гьоркьорлъабалъ «гьоцьен» ккечIого букIунаро, амма сабруялда, рукъоса къватIире гьел рахъичIого, циндаго бахъараб цIидае бокьараб гьабичIого, цоцазухъ гIенеккун, гьел къезаризе бажаризе ккола. Гьедин гьабулеб гьечIони, лъималаз кинаб мисал эбел-инсудаса босизе бугеб? Гьеб киналдаго тIад рос-лъади ургъулел гьечIони, гIемераб заманалъ цадахъаб яшав гьабиялда щакълъизе бачIуна.*

*Цоги, ракI пашманлъизе гьабула гьанжесеб гIелалъул хъизан гIуцIиялде бугеб бербалагьиялъги. Гьеб рахъалги, гIаданлъиялъул цогидал рахъалго гIадин, цIакъ чучлъун буго. Гьедин хадусанги букIани, улкаго биххиялдацин хIинкъиги букIина.*

*Ахирияб заманалда хъизан гIуцIиялде, гьеб щулияблъун букIинабиялде, лъимал гIезариялде улкаялъе нухмалъулез цIикIкIараб кIвар кьолеб буго, божи лъола гьеб рахъал рукIалиде ккезе букIиналдаги Аллагьас лъикIаб хъван батиялдаги»,* -ян лъугIизабуна жидерго бицен Исхlакъицаги Рисалатицаги.

Гьезул хъизаналъе, лъималазе, гьезулги лъималазе щулияб сахлъиги, рохелги, талихIги, гьарулел ишазулъ битIккейги гьарун, ниж тIадруссана

**Мухтар Гереев, ЕИЦялъул корреспондент**

# ИЗВЕЩЕНИЕ
# о предоставлении земельных участков в границах МР «Казбековский район»

Администрация МР *«Казбековский район»* Республики Дагестан, на основании распоряжения администрации МР *«Казбековский район»* № 151 от 26.03.2024 г., и в соответствии со статьей 39.18 Земельного кодекса Российской Федерации, информирует граждан о возможном предоставлении в аренду гражданам или крестьянским (фермерским) хозяйствам находящихся в муниципальной собственности земельные участки, для осуществления крестьянским (фермерским) хозяйством его деятельности в границах МР *«Казбековский район»:*

| № | Местоположение | Площадь (кв. м.) | Разрешенное использование земельного участка | Кадастровый номер | Категория земель |
|---|---|---|---|---|---|
| 1 | 2 | 3 | 4 | 5 | 6 |
| 1 | РД, Казбековский район | 54040 | Для сельскохозяйственного использования | 05:12:000023:510 | земли сельскохозяйственного производства |

Граждане, заинтересованные в предоставлении земельных участков, вправе подать заявление о намерении участвовать в аукционе.

Заявления о намерении участвовать в аукционе принимаются в письменной форме в течение 30 дней со дня опубликования настоящего извещения на официальном сайте торгов Российской Федерации **http://torgi.gov.ru**, сайте администрации МР *«Казбековский район»* **http:// kazbekovskiy.ru**, и в периодическом печатном издании газете *«Чапар»*, по рабочим дням с 8 до 17 часов по адресу: 368140, РД, Казбековский район, с. Дылым, ул, Имама Шамиля, 43, администрации МР *«Казбековский район»*, кабинете № 17 отдела по управлению муниципальным имуществом и земельных отношений (1-й этаж).

Способ подачи заявления: в виде бумажного документа непосредственно при личном обращении, или в виде бумажного документа посредством почтового отправления.

Дата и время начала приема заявлений: 29.03. 2024 г. в 8.00ч.

Дата и время окончания приема заявлений: 29.04. 2024 г. в 8.00ч.

Дата подведения итогов: 29.04. 2024 г. в 9.00ч.

Приемные дни: понедельник-пятница.

Телефон для справок: 55-48-86.

# ПАМЯТКА
# ПО ГАРМОНИЗАЦИИ МЕЖНАЦИОНАЛЬНЫХ ОТНОШЕНИЙ,ПРОФИЛАКТИКЕ ЭКСТРЕМИЗМА И ПРЕДУПРЕЖДЕНИЮ КОНФЛИКТОВ НА НАЦИНАЛЬНОЙ И РЕЛИГИОЗНОЙ ПОЧВЕ

Для успешного развития межнациональных отношений необходимо соблюдение важных гуманистических принципов:

-отказ от насилия и принуждения;

-признание прав и свобод человека важнейшей ценностью независимо от его национальной принадлежности;

-готовность к мирному урегулированию противоречий, участие третьей стороны в достижении компромиссных решений;

-развитие культурного сотрудничества между этническими общностями.

Помните, что всю свою жизнь, где бы вы не находились, у себя на Родине или на территории другого государства, вы всегда будете встречаться, общаться, работать, отдыхать, дружить, сотрудничать с людьми самых разных национальностей.

Постарайтесь усвоить простейшие, но вечные истины:

-природа сотворила людей разными, но равными в своем достоинстве и правах;

-любые межнациональные конфликты начинаются с внутреннего состояния личности и ее поведения;

-укрепление дружеских отношений невозможно без повышения правовой грамотности граждан и патриотического воспитания подрастающего поколения;

-знание этих истин поможет Вам установить добрые отношения с окружающими и поднять Вашу личную репутацию.

Действия по профилактике межнациональных и межэтнических конфликтов:

-очень важно сформировать себя привычку терпимо и даже с интересом относиться к мнению других людей, даже тогда, когда оно противоположно вашему;

-всеми силами боритесь с негативными эмоциями по отношению к другим людям, будьте доброжелательны и великодушны;

-избегайте в общении крайних, жестких и категоричных оценок, которые легко провоцируют конфликтную ситуацию:

-общаясь с окружающими, старайтесь видеть и опираться на положительное в них (оценивайте людей в большей степени по тому, что они сделали, а не потому, что они не сделали);

-критиковать можно конкретные действия и поступки человека, но не его личность;

-в ходе общения желательно изредка улыбаться собеседнику;

-важнейшее правило общения-цените: только своё, но и чужое мнение, умейте слышать не только себя, но и др;

-не оскорбляйте, не унижайте, не обижайте, не обманывайте, не предавайте, тогда уважение и любовь Вам обеспечены!

**Призываем всех жителей Республики Дагестан:**

-не принимать пропаганду экстремистских, националистических идей, в какой бы внешне справедливой и привлекательной форме они не преподносились;

-не позволять вовлекать себя, членов семьи и других близких людей в насильственные действия, протестные акции, проводимые в нарушение российского законодательства;

-не поддаваться ложным верованиям и влиянию деструктивных религиозных течений, деятельность которых разрушает духовный мир человека, порабощает личность и волю, приводит к уходу из семьи и утрате материального благополучия;

-воздерживаться от проведения несанкционированных публичных мероприя- тий, строго руководствоваться нормами действующего законодательства;

-не реагировать на провокации в социальных сетях и обычной жизни, пресекать их и продвигать идеи мира и братских отношений, завещанных нашими предками;

-воспринимать семью, родственные отношения как одних из самых значительных ценностей, хранить и преумножать традиции и обычаи, отцов и дедов, и, прежде всего, исторического многовекового сосуществования, взаимопонимания и взаимоуважения всех народов России;

-проявлять максимальную веротерпимость, уважать обычаи национальные традиции друг друга, воспитывать в этом духе подрастающее поколение;

-объединять усилия вокруг общих целей, направленных на обеспечение устойчивого и динамичного развития Республики Дагестан.

# Минпромторг РД информирует о старте приема заявок на конкурс «Торговля России»




Министерство промышленности и торговли Республики Дагестан сообщает, что стартовал прием заявок для участия на VII ежегодном конкурсе *«Торговля России»*. Организатор конкурса - Министерство промышленности и торговли Российской Федерации при содействии отраслевых ассоциаций.

Отбор участников будет проводиться по следующим номинациям: *«Лучший торговый город», «Лучшая торговая улица», «Лучший нестационарный торговый объект», «Лучшая ярмарка», «Лучший розничный рынок», «Лучший мобильный торговый объект», «Лучший магазин», «Лучший объект фаст-фуда», «Лучший торговый фестиваль», «Лучший оптовый продовольственный рынок», «Лучшая фирменная сеть местного товаропроизводителя», «Лучшая представленность российских товаров»* и *«Лучший придорожный сервис»*.

Срок окончания приема заявок 27 апреля 2024 года. Квалификационный отбор и определение победителей будут завершены до 17 мая 2024 года.

Победители получат награды, а их успехи, будут представлены всеобщему вниманию на торжественной церемонии награждения в ходе 10-й юбилейной *«Недели Российского Ритейла»*.

# Уведомление

АСП *«село Дылым»* уведомляет о том, что на основании Постановления администрации № 09 от 28.02.2024 года принято решение о ликвидации МУП *«ЖКХ-Уют»* МО *«село Дылым»*. Требования кредиторов могут быть заявлены в течении 2 (двух) месяцев с момента принятия решения о ликвидации.

Адрес приема требований кредиторов: МУП *«ЖКХ-Уют»* МО *«село Дылым»*, 368140, РД Казбековский район , с.Дылым ул, Саида -Афанди 15.

**БетIерав редактор:** И.Б.Салимханов 55-48-94
**Жавабияв секретарь:** М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

**Мухбирзаби:** И.Р. Идрисов, Д.К. Батиева,
**Набор:** М.М. ХIайбаева
**Верстка:** М.А.АтавхIажиева ва З.ХI ХIасанова
**Фотокорреспондент:** М.-гI.ХI.ХIамидов

**Газета бахъизе байбихьана 1933 сональул 15 апрелалда**
Типографиялъул адрес: 367032, РД, МахIачхъала шагьар, Насрутдиновасул проспект,1А

**Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда.**
Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00

**Учредитель:** администрация МР "Казбековский район"
Редакциялъул (издательсвоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,
**Индекс:** 51354 Тираж-1461, багьа-эркенаб

**Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290**

**Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола**